

## Somèy San Danje pou Bebe w la

Redui risk Lanmò Sibit e Sanzatann pou Ti Bebe (SUID), sa gen ladan Sentòm Kote Timoun Mouri Sanzatann (SIDS) ak pou ti bebe ki pi piti pase ennan toufe pa aksidan.



### PA DÒMI NAN MENM KABANN

Bay bebe yo pwòp espas pou yo dòmi (bèso, ti basen oswa lakou jwe ki pòtatif) nan chanm ou, iwen kabann ou.



Mete bebe a kouche so do pou I dòmi e repoze lannuit.



Kanape ak chèz a manch danjere pou bebe a dòmi poukонт li, avèk moun, oswa avèk bêt domestik.



Itilize yon sifas solid pou bebe dòmi (retounen I nan fòm orijinal li byen rapid si w peze sou li), plat (tankou yon tab, pa yon amak), nivo (pa nan yon ang oswa enkline) e kouvre sèlman ak yon dra ki byen ajiste.\*



Pa mete anyen kote bebe a dòmi—pa mete kouvèti, zorye, jwèt oswa lòt bagay.



Ofri bebe a tetin pou I repoze ak lèswa yonfwa li byen tete.



Bay bebe a lèt manman I, nan tete, si sa posib, oswa lè w ponpe lèt nan tete a. Ba li lèt manman I sèlman pou premye 6 mwa yo ap bay bonjan pwoteksyon kont SIDS.



Pa fimen ni pran chicha pandan w ansent e pa kite bebe a rete kote yo fimen ni pran chicha.



Pa pran ni dwòg ni alkòl pandan w ansent e asire w nenpòt moun k ap pran swen bebe a pa pran ni dwòg ni alkòl nonplis.



Evite kite bebe a twò cho e pa kouvrir tèt ak vizaj bebe a pandan I ap dòmi.



Itilize yon sak somèy oswa gwo kouchèt pou kenbe bebe a cho san sèvyèt nan zòn pou I dòmi an. Asire w tèt ak vizaj bebe a pa kouvrir pandan I ap dòmi.



Pran swen medikal regilye pandan gwosè.



Suiv konsèy medsen yo sou vaksè, tchèkòp ak lòt pwoblèm sante pou bebe a.



Evite pwodui ak aparèy ki pa mache ak direktiv somèy san danje a, sitou sila ki fè konnen y ap "anpeche" SIDS ak maladi ki gen rapò ak somèy yo.



Evite monitè kadyak, respiratwa, mouvman ak lòt, pou redui risk SIDS.



Evite kouchèt yon fwa bebe a kòmanse woule (sitou nan zòn 3 mwa yo), e sonje mete I nan kouchèt pa redui risk SIDS.



Mete bebe yo "kouche sou vant" pandan anpil tan lè yo p ap dòmi e lè yon moun ap siveye yo.

### Pou plis direktiv pou Somèy San Danje, vizite

- Depatman pou Timoun, Jèn & Famni nan Rhode Island, [dcyf.ri.gov/programsinitiatives/safe-sleep](http://dcyf.ri.gov/programsinitiatives/safe-sleep)
- Depatman Sante nan Rhode Island, [health.ri.gov/new-parents/safe-infant-sleep-information-parents](http://health.ri.gov/new-parents/safe-infant-sleep-information-parents)